# ÓZBEKSTAN XALIQ BAQSISI ǴAYRATDIN ÓTEMURATOV.

***Orazalieva Gúljayna Sabit qızı.***
*Ózbekstan Mámleketlik Konservatoriyası*
*Nókis filialı, "Ulıwma kásiplik hám*
*social gumanitar pánler" kafedrası*
*muzıkatanıw qánigeligi 3-kurs studenti.*
***E-mail:****orazalievaguljayna@gmail.com*
***Ilimiy basshı Kamalova G.M***

**Annotciya:** Bul maqalada Ózbekstan xalıq baqsısı Ǵ.Ótemuratovtıń ushrasıw keshesi haqqında sóz etilgen bolıp, bunda ustazdıń tayarlaǵan kóplegen shákirtleri, olardıń jetiskenlikleri tuwralı aytıp ótilgen, jáne de uztazǵa arnap, shákirtleri tárepinen tayarlanǵan koncert baǵdarlaması shólkemlestirildi.

**Tayanısh sózler:** Mádeniyat, saz ásbap, nama, shákirt, janr, ótmish, xalıq, qosıq, folklor

**Народном бакшы Узбекистана Г.Отемуратова.**

**Аннотация:** В этой статье описывается о Народном бакшы Узбекистана Г.Отемуратова. Было упомянуто мероприятие Отемуратова, на котором многие ученики, обучавшиеся у преподавателя, рассказали о своих достижениях, а также состоялось концертная программа для наставника.

**Ключевые слова:** Культура, инструмент, мелодия, жанр, прошлое, народ, песня, фольклор.

**The "Xalq baqchisi" of Uzbekistan, Gayratdin Otemuratov**

**Annotation:** In this article, the population donation from the Uzbeks . It was mentioned about Otemuratov's third night, in which many of the students prepared by the teacher, their achievements were mentioned in detail, and a concert program prepared by his students was organized.

**Key words:** Culture, musical instrument, tarona, disciple, genre, old man, population, yalla, folklore

Usı jıldıń 10-oktyabr sánesinde 12-sanlı Balalar muzıka hám kórkem óner mektebinde Ǵ.Ótemuratovtıń ushrasıw keshesi ótkerildi. Bul keshemizde kóplegen elimizge belgili baqsılar, Ǵ.Ótemuratovtıń bir qansha shákirtleri qatnastı.

Dáslep Respublika baqsıshılıq mádeniyatı orayınıń bas direktorı Norboev Umid Pardaevich sózge shıǵıp, ustazdıń dóretiwshiliginde tabıslar tilep, ushrasıw keshemizdi ashıp berdi. Sońınan Respublika baqsıshılıq orayınıń ilimiy jumısshısı N.Xojanova, 12-sanlı balalar muzıka hám kórkem óner mektebi oqıw isleri boyınsha direktor

orınbasarı A.Habibullaev, “Qaraqalpaq xalıq baqsısı, Professor G.Aqımbetovalar sózge shıǵıp, ustaz haqqında jıllı-jıllı pikirlerdi aytıp ótti.

Onnan soń shákirtleri tárepinen tayarlanǵan koncert baǵdarlamaları bolıp ótti. Koncertte dástanlar, namalar atqarıldı, qalaberse ustaz Ǵ.Ótemuratov tárepinen ózi tárepinen jazılǵan “Kewil nalası” sazın avtordıń ózi atqarıp berdi.

Ushrasıw kewildegidey bolıp, ájayıp bolıp ótti. Koncert sońında Ózbekstan xalıq baqsısı Ǵ.Ótemuratov sózge shıǵıp, koncert baǵdarlaması ushın, táriypleri ushın úlken minnetdarshılıqların bildirip ótti. Jáne de elimizge belgili bolǵan baqsılar, dástanlar tuwralı keńnen túsinik berip ótti. “Baqsıshılıq hám dastanshılıq biziń eń tiykarǵı milliyliklerimiz bolıp tabıladı. Qaraqalpaq xalıq ázel-ázelden kórkem ónerimizdi, baqsı-jırawımızdı súyip tıńlap kelgen.

Dástanlar bolsa, biziń Qaraqalpaqtıń táriyxı menen ajıralmas bólek sıpatında házirgi kúnge deyın jetip kelmekte. Bunda bizlerdiń úlken baqsılarımızdıń islegen miynetleri, olardıń shákirtleriniń miynetleri júdá úlken.

Qaraqalpaq baqsıshılıq mektebi Aqımbet baqsıdan baslanǵan deydi. Degen menen olardıń aldında da bir qansha baqsılarımız jasap ótken dep aytılǵan. Bul óner tek Aqımbet baqsıdan baslap taralmaǵan, onnan aldında Qaraqalpaq xalqınıń usınday kórkem óneri ázelden jasap kiyatırǵan óner esaplanadı.

M. Kamalovtıń baslaması menen 1992-jılı házirgi Nókis qániygelestirilgen mádeniyat mektebinde “Milliy muzıka” bólimi ashıldı. Mine usı bólimnen, usı kúnge deyin bir qansha shákirtlerimiz jetilisip shıqtı. Qalaberse olardıń derlik hámmesi elimizge tanıqlı baqsılar, jırawlar, professorlar bolıp Qaraqalpaq xalqınıń milliyi bolǵan ala moynaq duwtardı, qaraqalpaq xalıq namaların dúnyalarǵa tanıtıp kelmekte, - deydi óz sózlerinde Ǵ.Ótemuratov.

Jáne de usı muzıka mektebinde oqıytuǵın kishkene balalarǵada masterklass ótip, óz bilimlerin úyretti. Bul balalar júdá qattıǵa quwanıshta ekenin kózlerinen bilip alsaq boladı. Bilimge qumar, janıp turǵan bul balalarımızdan úmitimiz júdá úlken dep aytıp ótti ustaz Ǵ.Ótemuratov.

Ustaz Ǵ.Ótemuratovtıń mashaqatlı hám maqtanıshlı kásibinde rawaj, dóretiwshilik jumıslarda tabıslar, shákirtler tayarlawda kúsh-jiger tilep qalamız.

